SEYANS 5

Modèl Editoryal

Paragraf 1 (pragraf entwodiksyon):

Kapte atansyon lektè a. Lè w kòmanse ak pwoblèm nan, sa ka ede w fè piblik ou a rive nan mitan istwa a. Dekri pèsonaj prensipal la, sa k ap travèse l ak sa k enpòtan pou li pou w ka fè moun wè tèt yo nan moun sa a. Bay detay k ap kapte atansyon moun nan si moman an apwopriye pou sa e si yo enpòtan.

Men yon egzanp entwodiksyon:

> M pa t wè ni monte ni desann. Tout sa m te vle se te pran swen tibebe m nan ki gen 4 mwa a. [pèsonaj prensipal] Pou m te rive fè sa, m te dwe jwenn yon travay. Pandan m t ap lite ak yon depresyon apre m fin akouche, m te eseye jwenn gadri m te ka fè konfyans pou pran swen bebe m nan pou m te ka al chèche travay. Men m pa t ka asime l. [pwoblèm]

Paragraf 2 (rezònman):

Fè tout sak posib pou lojik ou a gen rapò ak sak ekri pi wo a, epi mansyone nan ki pwen sa ijan.

Egzanp Rezònman:

> Palman an pral vote bidjè a. [nouvo detay] Yo dwe garanti pou pòsòn oblije pase sam sibi pou gadri timoun ki enkli sibvansyon.[rezònan]

Paragraf 3:

Kontinye rakonte istwa pèsonaj prensipal la ak difikilte l ap rankontre.

Paragraf 4:

Dekri pwoblèm lan nan yon pi gwo dimansyon oswa nan nivo sistèm nan epi bay detay ak done istorik ki pwouve sa.

Paragraf 5:

Dekri solisyon an yon fason ki montre se sa k fè sans, ki bay bon rezilta e ki fasil pou moun jwenn. Idantifye epi dekri de oswa twa rezon ki fè solisyon w lan ap nan avantaj piblik ou a.









Paragraf 6:

Dekri chanjman ki fèt nan lavi pèsonaj prensipal la. Nan ki fason vi pèsonaj prensipal la chanje grasa eksperyans li fè a? Nan ki sans mond lan ka yon pi bon kote pou moun viv si nou tire leson de istwa l?

Egzanp Chanjman:

> Depi lè m te fin viv peryòd difisil sa yo, m vin yon moun k ap defann gadri ki pa chè pou timoun. M te rive jwenn yon travay, men m panse ak kantite lòt manman ki pa gen menm chans avè m.

Paragraf 7:

Sa a se paragraf pou w “Asire w...” la. Rekonèt tout defo ak feblès ki gen nan sijè a epi reponn ak tout kontestasyon ki ka genyen.

Paragraf 8:

Apèl pou Poze Aksyon. Asire w “pwoblèm ou poze” a presi e li klè.

Referans:

Mete yon non, tit ak yon rezime, de oswa twa fraz ki bay enfòmasyon konsènan otè a.